Demann Absans pou Vwayaj, Vizit oswa Aktivite Edikatif ki pa gen rapò ak Lekòl (Klas 6-12)

Tanpri ranpli fòm sa a epi retounen l bay sekretè ki responsab dosye prezans nan lekòl pitit ou a. Ou dwe ranpli fòm sa a pou chak timoun anvan yo patisipe nan nenpòt vwayaj, vizit oswa aktivite edikatif ki pa gen rapò ak lekòl la, men ki pral lakòz pitit ou a absan nan jou lekòl nòmal yo.

- Dapre règ Konsèy la nimewo 204, elèv yo gen dwa pran jiska 10 jou absans otorize. Men kèk rezon ki souvan planifye davans pa fanmi yo, epi yo ta dwe fè lekòl la konnen sa anvan absans la fèt.
- Patisipasyon nan yon pwojè yon gwoup 4-H, FFA, oswa yon gwoup konbine 4-H ak FFA (nan nivo eta oswa konte) ap patwone, depi gen yon demann alekri ki fèt davans.[1][3]
- ● Patisipasyon nan yon pèfòmans mizikal an kolaborasyon avèk yon òganizasyon nasyonal veteran oswa yon inite legalman etabli (jan lalwa defini l), pou yon evènman oswa yon antèman.[3]
- Òganizasyon nasyonal veteran an oswa inite a dwe bay elèv la yon nòt eskiz ki siyen; nòt la dwe gen ladan l dat, kote, ak lè evènman an oswa antèman an ap fèt.

  Elèv la dwe remèt distri a nòt eskiz ki siyen an anvan li jwenn pèmisyon pou l absan nan lekòl la.
- Obsèvans yon fèt relijye yon gwoup relijye otantik selebre, lè moun ki responsab timoun nan fè yon demann alekri davans.

● Vizit oswa vwayaj edikatif lekòl pa òganize, si kondisyon sa yo respekte:[3][29] o Moun ki responsab elèv la soumèt dokiman ki nesesè pou jwenn otorizasyon absans la anvan dat absans la, nan delè ki apwopriye a. o Sipèentandan an oswa yon moun li deziyen apwouve patisipasyon elèv la. Responsab(granmou) k ap dirije epi sipèvize vizit oswa vwayaj la se yon moun moun ki responsab elèv la ak Sipèentandan an dakò avèk li. ● Vizit nan yon kolèj oswa yon enstitisyon edikasyon siperyè, avèk otorizasyon alavans.

Pou paran/Gadyen Ranpli

Non elèv la: _____ Kyla's: _____ Pwofesè l: _____

Dat yo pwopoze pou absans la (lis tout dat yo):

Rezon pou Absans:_____

Sinyati Paran:_____ Date:_____

Imèl Paran:_____

Pou Biwo Prezans Lekòl la Sèlman: Resevwa nan dat:_____ Absans ki otorize:_____ Absans ki pa otorize:_____

Desizyon Enfòme:_____

Teacher Signature	Teacher's Name	Block	Course
		1	
		2	
		3	
		4	
		5	

Sinyati Pwofesè a. Non Pwofesè a. Blòk. Lou

Enstriksyon pou Ranpli Fòm nan:

1. Paran/gadyen ak elèv la dwe ranpli fòm ki sou lòt bò paj la.

2. Elèv la dwe ranpli tablo ki anwo a. Pa bliye fè tout pwofesè w yo mete inisyal yo nan espas ki apwopriye a.

3. Retounen fòm nan bay Biwo Prezans (Attendance Office) anvan dat vwayaj la (oswa dat vwayaj yo).

4. Y ap fè elèv la konnen desizyon administratè a pran pou konnen si absans la ap konsidere kòm yon absans otorize oswa yon absans san otorizasyon.